



Commission On
Human Rights

Avi Sou Egalite Chans nan Kesyon Lojman NYC: Dosye Kriminèl yo

Apati de 1ye Janvyè 2025, nan NYC, li ilegal pou majorite founisè lojman diskrimine sou baz yon antesedan kondanasyon nan lokasyon oubyen nan vant yo, ki gen ladan yo kowoperativ yo ak kopwopriyete yo.

Pwoteksyon Lwa sou Egalite Chans Nan Kesyon Lojman NYC aplike pou lokatè aktyèl yo menm jan pou kandida yo.

Se yon vyolasyon Lwa pou founisè lojman ki kouvri yo pou:

Fè divès deklarasyon sou verifikasyon antesedan kriminèl yo oubyen dosye kriminèl yo oubyen ekspriye divès limitasyon sou baz sa nan piblisite ak aplikasyon yo.

Trete kandida yo oubyen lokatè yo yon jan diferan akòz divès antesedan jidisyèl sof nan divès ka otorize pa Lwa sou Egalite Chans nan Kesyon Lojman.

Founisè lojman ki kouvri yo **PA kapab JANM** chanje kondisyon yon vant oubyen yon lweyaj akòz yon antesedan kondanasyon. Founisè lojman ki kouvri yo **kapab** revoke yon òf lojman oubyen refize renouvle yon kontra lwaye **SÈLMAN** baze sou kelke tip limite konviksyon ak **SÈLMAN** lè y ap swiv kondisyon Lwa sou Egalite Chans nan Kesyon Lojman an.

Lwa sou Egalite Chans nan Kesyon Lojman pa oblije founisè lojman yo reyalize divès verifikasyon antesedan kriminèl. Nenpòt founisè lojman kapab aksepte yon lokatè oubyen achtè san swiv etap anba yo. Etap anba yo ap sèlman pou founisè lojman ki kouvri yo ki chwazi fè yon verifikasyon antesedan.



Si yon Founisè Lojman ki Kouvri Chwazi Fè yon Verifikasyon Antesedan Kriminèl: Ou Genyen Dwa.

Founisè lojman ki kouvri yo **dwe dabò** konsidere elijibilite lojman jeneral ou (kapasite pou ranpli kondisyon lwaye yo) EPI fè yon òf lojman kondisyonèl. Se **sèlman aprè** òf kondisyonèl sa ke li legal pou yon founisè lojman kouvri ka fè yon verifikasyon antesedan kriminèl.

Avan ou mennen yon verifikasyon antesedan kriminèl, founisè lojman ki kouvri yo dwe:

- Fè pou ou yon òf lojman kondisyonèl EPI
- Ba ou yon kopi avi sa ki esplike dwa ou yo

Founisè lojman yo gen responsablite pou respekte lwa k ap dirije koleksyon ak itilizasyon enfòmasyon pèsònèl yo, tankou Lwa Federal ak Etatik sou Rapò Kredi Ekitab yo.

Òf Lojman Kondisyonèl

Yon òf lojman kondisyonèl se yon **kontra lwaye ekri**, yon **kontra lokasyon oubyen yon kontra vant** ki angaje kondisyonèlman youn oubyen plizyè inite a yon lokatè oubyen yon achtè epi kapab sèlman revoke nan divès sikonstans limite. Answit yon founisè lojman ki kouvri chwazi swa:

PA fè yon verifikasyon antesedan kriminèl

Nan moman sa a, founisè lojman an kapab swa finalize òf la oubyen revoke li pou yon objektif legal, non diskriminatwa ki pa lye ak yon antesedan jiridik.

Fè yon verifikasyon antesedan kriminèl

Li pa legal pou founisè lojman an chache oubyen egzamine antesedan jiridik ou avan ou gen yon òf kondisyonèl.

Verifikasyon Antesedan Kriminèl

Si yon founisè lojman ki kouvri chwazi fè yon verifikasyon antesedan kriminèl aprè li fin fè ou yon òf kondisyonèl, li kapab sèlman konsidere divès kategori kondanasyon **trè limite**:

- kondanasyon ki rekòmande enskripsyon sou yon rejis enfraksyon seksyèl nan moman verifikasyon antesedan an.
- kondanasyon pou krim pandan 5 dènye ane yo, eksepte sa ki anba yo
- kondanasyon pou deli pandan 3 dènye ane yo, eksepte sa ki anba yo

Yo mezire 3 a 5 ane yo soti nan **dat reyèl liberasyon an OUBYEN dat kondanasyon an** (si pèn lan pa gen ladan l lè anprizònman an), kèlkeswa estati pwobasyon oubyen liberasyon kondisyonèl.

Yon founisè lojman ki kouvri PA kapab JANM konsidere arestasyon yo oubyen ka ki ankou yo, oubyen:

- kondanasyon ki te sele, efase, ki anba yon gras egzekitif oubyen yon sètifika dispans pou andikap, oubyen ki te anile oubyen libere legalman
- kondanasyon pou vyolasyon, ki se enfraksyon non-kriminèl tankou kondwit dezòdone
- kondanasyon anba lwa federal la oubyen yon lòt lwa eta a pou kondwit ki lye ak swen pwokreyasyon oubyen afimasyon jan ki legal nan Eta New York
- kondanasyon anba lwa federal oubyen lwa yon lòt eta pou posèsyon kanabis ki pa konstitiye yon krim nan Eta New York
- Sispanasyon akòz yon Revokasyon (ACDs)
- Jijman antan ke jèn delenkan oubyen pou delenkans jivenil
- revokasyon an favè yon moun, ki gen ladan l men ki pa limite ak, akitman yo, entèvansyon sou apèl, ak egzonerasyon)
- Dispozisyon ki lye ak afè kriminèl selon lwa federal oubyen lwa yon lòt eta ki konparab ak sa yo ki site isit la.

Li pa legal pou yon founisè lojman ki kouvri konsidere enfòmasyon nan kategori sa yo. Anplis, konpayi seleksyon lokatè yo kapab konsidere kòm responsab selon lwa ekitab nan kesyon lojman nan nivo federal la pou desizyon diskriminatwa pa founisè lojman yo.




Dwa pou Founi Sipò pou Demann Ou An

Après yo fin egzamine inikman kondanasyon renouvlab yo, yon founisè lojman ki kouvri ki vle revoke yon òf lojman dwe **SWIV PWOSIS CHANS EKITAB NAN KESYON LOJMAN** pandan yo kenbe yon inite ouvri. Yo dwe:

1. Ba ou yon kopi tout enfòmasyon sou antesedan kriminèl yo resevwa ak/oubyen revize
2. Ba ou 5 jou ouvlab pou reponn nan:
 - endike erè ki nan istorik kondanasyon an
 - idantifye tout enfòmasyon ki ta dwe konsidere (nenpòt enfòmasyon andeyò kondanasyon ki legalman renouvlab yo)
 - pataje enfòmasyon sou antesedan ou, referans pèsònèl ak pwofesyonèl, ak/oubyen nenpòt enfòmasyon k ap soutni demann ou an,

Ou gen obligasyon pou bay enfòmasyon pou soutni demann ou an nan faz sa a. Yon founisè lojman dwe fè yon evalyasyon endividyalize menm si ou pa bay ransèyman jistifikatif.



Dwa ak yon Evalyasyon Endividyalize Demann Ou An

Yon founisè lojman ki kouvri dwe mennen yon evalyasyon endividyalize sou kondanasyon egzaminab yo, ansanm avèk nenpòt lòt enfòmasyon ke ou te soumèt yon tan apwopriye.



Yon founisè lojman ki kouvri PA KAPAB revoke yon òf kondisyonèl lojman aprè yo fin fè yon verifikasyon antesedan kriminel eksepte nan de (2) sikonstans limite:

Aprè yo fin mennen yon evalyasyon endividyalize si yo montre alekri TOUDE:

- yon enterè komèsyal lejitim EPI
- kòman enterè komèsyal lejitim lan lye ak istwa endividyèl ou.

Si yo montre nouvo enfòmasyon, ki pa lye ak yon istwa kriminel, ki fè enpak sou kalifikasyon ou pou lokasyon an e ke yo pa t konnen nan moman òf kondisyonèl ou an.

Enterè Komèsyal Lejitim

Enterè lejitim pou antrepriz yon founisè lojman ki kouvri dwe presi ak objektif. Respekte yon kondisyon kontra lwaye patikilye se yon enterè komèsyal lejitim ki otorize. Motif ki konplètman diskriminatwa, estigmatizasyon, estereyotip, oubyen sipozisyon yo pa janm konstitiye yon enterè komèsyal lejitim.

Yon founisè lojman ki kouvri ki montre yon enterè komèsyal lejitim dwe **esplike** tou lyen ant enterè sa ak istwa endividyèl patikilye ou nan limyè enfòmasyon endividyèl ke ou te pataje pou jistifye yon desizyon pou revoke òf lojman kondisyonèl ou an. **Egzistans yon kondanasyon pou kont li pa janm kreye lyen sa a.**

Sa ki swiv yo se pa enterè komèsyal lejitim epi pa etabli yon lyen sifizan pou jistifye desizyon yon founisè lojman pou revoke yon òf :

- “Mwen pa vle yon pwen cho pou fòs lòd yo”
- “Kandida a sanble li pwobab pou komèt yon lòt krim epi mwen vle sekirite lokatè a”
- “Sa se yon batiman famiyal”
- “Nou pa vle mekan k ap trennen”
- “Lokatè mwen yo pa bezwen kriminel”
- “To asirans mwen yo pral grenpe”
- “Sa pral fè enpak sou valè pwopriyete mwen an”

Revoke yon Òf Lojman Kondisyonèl

Avan yon founisè lojman ki kouvri kapab revoke yon òf kondisyonèl akòz antesedan kriminel ou, founisè lojman ou an **DWE** pran etap swivan yo:

1. Fè yon evalyasyon endividyalize kondanasyon egzaminab ou yo **AK** enfòmasyon ou te founi yo
2. Bay ou kopi tout dokiman ou yo ke li te resevwa ak/oubyen te egzaminen
3. Ba ou yon deklarasyon ekri ki esplike:
 - desizyon pou revoke a baze sou istwa kondanasyon ou **AK** lyen ak yon enterè komèsyal lejitim
 - kòman enfòmasyon endividyèl ou ak sikonstans yo te pran an kont

Egzanpsyon pou Founisè Lojman yo

- Pwopriyete ke founisè a okipe avèk 2 oubyen pi piti sal oubyen inite ki pa kouvri pa Lwa Egalite Chans nan Kesyon Lojman nan New York.
- Founisè lojman finanse pa Eta oubyen nan nivo federal yo, ki gen ladan yo otorite lojman piblik ki gen obligasyon oubyen ki otorize pou pran divès mezi espesifik ki lye ak istwa kriminel **KAPAB** pran mezi espesifik sa yo san vyole Lwa Egalite Chans nan Kesyon Lojman nan New York.

Pou plis enfòmasyon konsènan dwa achtè yo ak responsablite founisè lojman yo selon Lwa Egalite Chans nan Kesyon Lojman nan New York la, ak pou wè avi sa nan plizyè lang, vizite [NYC.gov/FairChanceHousing](https://www.nyc.gov/fairchancehousing).

RAPÈL: Tout Abitan New York yo genyen dwa pou yo pa sibi reprezay nan kesyon lojman. Li ilegal pou founisè lojman nan New York yo pini ou oubyen trete ou yon jan negativ poutèt ou resite dwa ou yo oubyen poutèt ou siyale diskriminasyon oubyen asèlman.